



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWO PWOJÈ REDEVLOPMAN SOU PATI LÈS BUFFALO

Konsèy Planifikasyon Buffalo te fè yon revizyon anviwonmantal epi apwouve plan pou Sant Fòmasyon travay ke yo prevwa pou fòm 300-400 travayè chak ane

Gade kontrandi pwojè a [la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke pwojè Sant Fòmasyon Mendèv la te rive nan yon gwo etap enpòtan pou redevlope yon pwopriyete ki pa itilize nan Koridò Northland an yon nouvo etablisman fòmasyon. Konsèy Planifikasyon Vil Buffalo te apwouve plan sit la apre ke yo te jwenn ke pap gen konsekans sou anviwonman ki asosye avèk redevlopman tout sit 35-kawotè a.

Apwobasyon an make yon moman enpòtan nan pwojè a, avanse l nan direksyon pwosesis pou finalize konsepsyon achitekti ak jeni, dokiman konstriksyon, ak estimasyon depans pou reyabilitasyon pwopoze bilding nan ki nesèsè pou akomode nouvo Sant Fòmasyon Mendèv la. Yo prevwa pou sant la kòmanse fonksyone nan fen 2017 e lap fòm 300-400 travayè chak ane nan travay manifakti ak enèji.

“Aksyon sa ap akselere redevlopman pati Lès Buffalo ak prepare pwochen jenerasyon an pou travay yo ki alimante revitalizasyon nan Lwès New York,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa fè pati nan efò administrasyon kontinyèl nou pou devlope ekonomi Buffalo e li pral kontinye jenere opòtinite pou rezidan ak biznis yo nan Lwès New York pou ane kap vini yo”

Gouvènè Cuomo te anonse nan septanm 2014 ke \$6.7 milyon ta ale nan akizisyon ak planifikasyon sit yon gwo pati tè vid endistriyèl ki pa itilize nan Pati Lès Koridò Northland Avenue Belt Line. Empire State Development, ajans devlopman ekonomik eta, pral akòde Kòporasyon Devlopman Iben Buffalo—reklamasyon teren non-pwofi Vil Buffalo ak ajans devlopman, finansman pou achte tè ak redevlope pwopriyete yo.

Nan Jiyè 2015, Gouvènè Cuomo te devwale plan pou Sant Fòmasyon Mendèv Lwès New York, yon nouvo platfòm ki pral santre sitou sou fòmasyon pou karyè nan sektè manifakti avanse ak enèji. Sant lan ap ankre yon estimasyon \$44 milyon park biznis nan kad redevlopman Koridò Northland e li pral asire yon mendèv solid ak travayè divèsifye ki otman kalifye, ki pare pou reponn a defi sèvis elektrisite 21^{yèm} syèk la ansanm avèk endistri manifakti avanse yo. Pwojè a se yon patenarya ant BUDC, ESD,

Vil Buffalo, ak New York Power Authority. Pwojè a te finanse kòm yon gwo konpozan nan inisyativ revitalizasyon Buffalo Billion Gouvènè a.

Pandan Konsèy Planifikasyon Vil Buffalo te apwouve plan sit la pou Faz I nan pwojè a anjeneral, li egalman konplete revizyon anviwonmantal ki obligatwa pou tout plan redevlopman, ki idantifye pwopriyete yo nan zòn koridò a ki pral stabilize, renove, remedye, redevlope ak/oswa, nan sèten ka, sibi yon seleksyon demolisyon nan bi pou retounen zòn lan nan itilizasyon pwodiktif, ede nan revitalizasyon katye avwazinan yo epi bay opòtinite travay pou rezidan toupre yo nan kreye yon nouvo sant manifakti ak travay nan pati Lès Buffalo. Pwojè a prevwa yon redevlopman konplè nan koridò Northland, finalman avèk yon total apeprè 750,000 pye kare limyè endistriyèl ak komèsyal/ espas biwo jeneral.

Gade alafwa plan konplè redevlopman zòn Koridò Northland ak plan sit Sant Fòmasyon Mendèv Lwès New York [la](#) under Quick Links.

Pwojè a prevwa pou l avanse nan plizyè faz. Faz I ap gen ladan devlopman Sant Fòmasyon Mendèv ak renovasyon /reparasyon nan strikti yo ki egziste deja nan 683 Northland Avenue pou itilizasyon plizyè lokatè. Faz ki annaprè yo, tankou BUDC ap gen pou retounen nan Konsèy Planifikasyon an pou apwobasyon plan sit adisyonèl lè li nesesè, ap gen ladan stabilizasyon, selesyon demolisyon / renovasyon, nouvo devlopman, ak/oswa amelyorasyon sit la pou rès pwopriyete ki enkli nan Koridò Northland lan.

Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare, “Aksyon sa ke Komisyon Planifikasyon Buffalo ap antreprann lan se yon lòt gwo etap nan fè pwojè enpòtan sa ale delavan. Grasa angajman Gouvènè Cuomo nan Sant Fòmasyon Mendèv Lwès New York, Pwojè Redevlopman Northland byento ap akselere redevlopman seksyon sa nan Buffalo, reyoryante bilding ak pwopriyete ki te rete vid pandan lontan, e pi enpòtan, bay yon anviwonman pou rezidan yo nan vil la ka jwenn bon kalite fòmasyon pou travay dirab ki peye byen. Administrasyon mwen an ap kontribye \$4 milyon dola anplis nan devlopman enteresan avangadis sa ki pral plis ranfòse vil nou an ak opòtinite travay pou rezidan yo.”

Komisyonè Empire State Development, Prezidan & PDG Howard Zemsky te deklare, “Avèk apwobasyon Konsèy Planifikasyon Vil Buffalo jodia, nou pare pou n vanse nan pwochen etap yo pou stabilize, remedye ak redevlope pwopriyete endistriyèl sa yo. Pwojè sa ap ranfòse zòn lan nan kapitalize kwasans sektè enèji ak manifakti nou yo epi revitalize yon ansyen katye ki te dinamik pou plizyè tilizasyon nan pati Lès Buffalo.”

New York Power Authority Chairman John Koelmel te deklare, “Sant Fòmasyon Mendèv la ap yon atou fòmab non sèlman pou pati Lès Buffalo men tou pou tout vil ak rejyon an. NYPA ansanm avèk lòt konpayi sèvis piblik yo bezwen yon gwoup travayè kalifye toutan kòm baz anplwaye granmoun nou yo vin deplizanpli kalifye pou retrèt. Sant lan ap enpòtan pou asire ke nou menm ansanm avèk lòt moun ka reponn a

pwochen bezwen nan pèsonèl.”

Senatè Tim Kennedy te deklare , “Grasa yon investisman ki plis ke nesesè bò kote Eta New York, bilding vid sa yo nan pati Lès Buffalo byento ap gen yon nouvo souf ak yon nouvo objektif pou stimile opòtinite pou katye avwazinan yo, sa ki te rete neglije pandan twò lontan. Avèk inisyativ \$44 milyon sa, Gouvènè Cuomo te demontre angajman l pou rezidan katye sa yo, ki kounye a pral gen yon mendèv fòm ak opòtinite travay nan distans mache de lakay yo.”

Manm Asanble Chrystal Peoples-Stokes te deklare, “Investisman stratejik Gouvènè Cuomo nan pati Lès la avèk Pwojè Redevlopman Koridò Northland la prale delavan. Sa a se bon nouvèl paske pwojè a ap asire ke fòmasyon pou opòtinite karyè nan manifakti avanse ak sektè enèji disponib pou rezidan yo nan vil la e li pral kondwi a yon mendèv ki divèsifye pou domèn sa yo kap devlope.”

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, “Sant Fòmasyon Mendèv Lwès New York ap fòm travayè lokal yo pou bon karyè e lap bay yon ogmantasyon nan pati Lès Buffalo. Avèk plan sit la ki te apwouve kounye a, map rete tann pou m wè aktivite sou Koridò Northland Avenue ki pral fè pwopriyete vid sa yo vin kay pou yon manifakti avanse ak sant enèji ki pral atire travay ak investisman.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418